



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI POU SIPÒTE ENDISTRI ENÈJI PWÒP NAN NEW YORK

*Pwochen faz aktivite chèn apwovizyonman eta a lanse sou fòm apèl dòf 200 milyon dola pou sipò fabrikasyon ak lojistik RFP*

*Demans enfòmasyon yo te anonse tou pou enfòmasyon senkyèm demann enèji ewolyèn bò lanmè epi 300 milyon dola gwo konpozan chèn apwovizyonman RFP*

*Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou devlope omwen 9,000 megawat enèji ewolyèn bò lanmè disi 2035*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi definitiv nan sipò agrandisman endistri enèji pwòp nan New York ak [plan aksyon 10 pwen](#) Eta a. Kòm yon pati nan pwochen faz angajman 500 milyon dola eta pou aktivite chèn apwovizyonman enèji ewolyèn, yon sipò fabrikasyon ak lojistik 200 milyon dola Demans pou pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) yo ouvri kounye a pou sipòte investisman nan enfrastikti ak fabrikasyon pou agrandi chèn apwovizyonman enèji ewolyèn bò lanmè domestik. Anplis, yon Demans pou Enfòmasyon (Request for Information, RFI) pral emèt pou enfòmasyon devlopman senkyèm apèl dòf pwojè enèji ewolyèn bò lanmè nan New York (NY5) epi konsepsyon kowòdone 300 milyon dola ki konsantre sou yon gwo konpozan investisman chèn apwovizyonman enèji ewolyèn bò lanmè. Anons jodi a sipòte pwogrè kontinyèl pou akonpli lidèchip klimatik ak Aksyon Pwoteksyon Kominotè New York a pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò lanmè disi 2035.

"New York ap solidifye wòl lidèchip li nan endistri enèji ewolyèn bò lanmè, konstriksyon chèn apwovizyonman isit la nan eta pou konstwi endistri epi desann pri yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Angajman sa ak moman sa pral ede nou reyalize yon avni kote enèji pwòp alimante rezo nou, kreye travay alontèm, api ranfòse ekonomi nou."

[Plan Aksyon 10 Pwen](#) ki te pibliye nan oktòb 2023 te ofri lide ak direksyon pou plan eta a pou simonte difikilte makwo-ekonomi ak enflasyon ki resan ki afekte sektè enèji renouvlab epi prezante yon seri aksyon global ki pran pou poze fondasyon pou yon avni dirab pou tou abitan New York atravè ekspansyon agrandisman eta a ekonomi enèji dirab epi sektè enèji renouvlab.

## **RFP 200 milyon dola pou fabrikasyon ak lojistik sipò**

Baze sou fidbak sou endistri ki kolekte atravè yon deman enfòmasyon (RFI) nan lane 2023, NYSERDA lanse jodi a yon devlopman chèn apwovizyonman konpetitif [solisitasyon](#) chèche pwopozisyon pou nivo 2 rive nivo 4 enstalasyon enfrastrikti ak fabrikasyon.

Moun k ap pwopoze yo bay chèn apwovizyonman RFP pral mande pou demontre kòman finansman eta a pral ogmante investiman prive yo nan pwojè chin apwovizyonman yo epi ankouraje pou demontre fon eta a akòde a se dènye fon ki nesèsè pou devlope yon pwojè. **Pwopozisyon yo ap fini 3:00 p.m. lè lès (ET) nan dat 13 out 2024.** Detay apèl dòf ak dokiman ki asosye yo disponib sou [sitwèb](#) NYSERDA.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Avèk piblikasyon opòtinite finansman chèn apwovizyonman jodi a epi deman kontribisyon sou pwochen apèl dòf enèji ewolyèn bò lanmè, nou kontinye demontre yon prèv angajman pou fèm pou avansman enèji renouvlab sou gwo echèl sou yon baz konpetitif malgre van kontrè makwoekonomik endistri a ap rankontre. Nou pa dekouraje nan efò nou yo pou konstwi endistri sa avèk yib apwòch ki reflechi, kolaboratif ki reponn ak bezwen mache yo epi ki gen yon angajman solid patisipan pou asire yon fondasyon solid pou siksè."

## **Deman enfòmasyon pou enfòm pwochen apèl dòf enèji ewolyèn bò lanmè epi 300 milyon dola gwo konpozan chèn apwovizyonman RFP**

Anplis pou administre apèl dòf devlopman nouvo chèn apwovizyonman enèji ewolyèn bò lanmè sa, NYSERDA pibliye jodi a tou yon [Deman Enfòmasyon \(RFI\)](#) pou envite endistri ki ap patisipe yo pou revize epi kòmante sou estrikti potansyèl pwochen demann sètifika enèji renouvlab ewolyèn bò lanmè (Offshore Wind Renewable Energy Certificates, OREC) (NY5) epi yon RFP gwo konpozan chèn apwovizyonman ki kowòdone ki koute 300 milyon dola. Delè pou repons yo se dat 21 me 2024.

Y ap fè yon seminè sou entènèt nan dat **7 me 2024** nan **9:00 a.m.** pou bay plis enfòmasyon sou RFP ak RFI pi wo a. Moun yo ki enterese nan webinè a ka enskri [isit la](#).

### **Apèl dòf NY5**

Suiv RFI ki mansyone pi wo a, NYSERDA planifye lanse senkyèm apèl dòf pou enèji ewolyèn bò lanmè nan ete 2024. Depi li lanse, apèl dòf NY5 lan pral ale paralèl ak gwo apèl dòf chèn apwovizyonman 300 milyon dola. Apèl dòf Sètifika enèji renouvlab enèji ewolyèn bò lanmè te planifye alavans pou pibliye ta nan 2024 nan kowòdinasyon avèk pwosesis Bezwen Transmisyon Politik Piblik Vil New York (Public Policy Transmission Needs, PPTN) ki pral lanse an 2025.

### **Apèl dòf 300 milyon dola gwo konpozan chèn apwovizyonman**

NYSERDA prevwa lanse yon apèl dòf 300 milyon dola gwo konpozan chèn apwovizyonman an menm tan ak lansman NY5 pou pèmèt moun ki ap pwopoze enèji ewolyèn bò lanmè yo negosye itilizasyon konpozan chèn apwovizyonman nan òf yo.

Konsepsyon apèl d'òf la pral enfòmè pa kòmantè ki resevwa nan RFI ki bibliye jodi a epi ki vize atire investisman nan gwo konpozan chèn apwovizyonman enèji ewolyèn bò lanmè, ki enkli amelyorasyon gwo pò pou pèmèt fabrikasyon gwo konpozan enèji ewolyèn bò lanmè.

**Direktè Devlopman Ekonomik pou Sant pou Kwasans Ekonomik Ian Katie Newcombe te deklare,** "Sant kwasans ekonomik ak patnè li yo te pase plizyè ane pou konstwi yon ekosistèm enèji ewolyèn bò lanmè solid, epi nou pral kontinye pouswiv fabrikasyon an, devlopman mendèv ak opòtinite chèn apwovizyonman. Rejyon kapital Albani/NY se kote ki abrite sit pi bon pò ki pare pou lanse yo nan Etazini. Nou pare pou travay ak devlopè, founisè, epi NYSERDA atravè opòtinite avni sa pou reyalize vizyon kolektif nou an ki se avansman eta New York nan enèji ewolyèn bò lanmè epi mennen benefis ekonomik bay kominote yo."

**Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building Trades) la, te deklare,** "Enèji ewolyèn bò lanmè chanje jwèt la pou New York paske li ap travay pou rive nan objektif klimatik li yo, epi pou travayè fi ak gason ki pral genyen plizyè milye travay sendika ki byen peye, nan ranfòse klas mwayèn nou an epi ankouraje ekonomi lokal nou yo. Nou rekonesan paske Gouvènè Hochul ak NYSERDA ap avanse ak angajman New York nan konstriksyon sektè enèji renouvlab enpòtan sa pandan li ap asire sekirite estanda ki solid, salè ki ka pran swen fanmi, ak bon benefis."

**Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare,** "Nou aplodi Gouvènè a pou angajman li pou asire manm sendika yo fabrike, konstwi, opere ak antreteni avni enèji pwòp New York. Pandan NY3 ak sibvansyon fabrikasyon ki asosye enkli estanda travay ki pi solid pou nenpòt pwojè enèji ewolyèn bò lanmè jodi a, nou pral kontinye travay ak Gouvènè a pou asire apèl d'òf ki te anonse yo jodi a enkli plis estanda solid ak pwoteksyon pou travayè sendika yo."

**Prezidan Konsèy Mendèv Santral Vil New York (New York City Central Labor Council) la, AFL-CIO, Vincent Alvarez, te deklare,** "Avèk anons jodi a, Gouvènè Hochul ak NYSERDA ap pran mezi alavans pou navige sou yon mache dinamik epi ki ap evolye. Nou pa ka tann pou nou konstwi yon nouvo chèn apwovizyonman nan New York avèk bon estanda travay, epi kolabore ak NYSERDA, Eta New York, epi tout patisipan yo pou asire kòm nou ap fè tranzisyon ekonomi pou enèji pwòp, nou ap kreye tou travay sendika ki pran swen fanmi epi yon ekonomi rezilyan pou tout abitan New York."

**Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) lan, AFL-CIO, John Durso, te deklare,** "Kòmansè ak kanpe pafwa nesèsè epi bay nouvo opòtinite pou nou pou asire nou bay pi bon rezilta ki posib pou abitan New York yo. Fanmi ki ap travay Long Island rete detèmine pou atake pwoblèm kriz klimatik la nan yon fason ki kreye bon travay sendika nan pwosesis la. Nou pa ka atann pou n travay ak Eta New York, endistri enèji ewolyèn bò kot la, ak tout lòt moun ki gen enterè ki enterese nan yon avni pi briyan ak bon salè ki kapav soutni fanmi."

**Matt Aracich, Prezidan Metye Konstriksyon nan Konte Nassau ak Suffolk te deklare** "Li enperatif pou nou kontinye avanse ak endistri enèji ewolyèn bò lanmè a isit la nan New York. Gouvènè Hochul ak ekip li nan NYSERDA ap adapte ak evolisyon konstan peyizaj endistri emèjan sa. Plizyè milye lokal travay sendika metye konstriksyon ki asosye yo ak apèl d'of NY3 reprezante vrè salè ki ka pran swen fanmi epi benefis isit nan Long Island. Avni ekonomik Long Island nou an mare ak siksè endistri enèji ewolyèn bò lanmè, se pou sa li enpòtan pou fè li byen."

**Direktè New York Offshore Wind Alliance, Fred Zalcman, te deklare,** "Atravè lidèchip Gouvènè Hochul, New York Kontinye mete an plas elaman fondamantal konstriksyon yon endistri enèji ewolyèn bò lanmè ki solid ak responsab. Jan anons jodi a montre, malgre pwoblèm resan yo New York pral kontinye goumen pou lokalize chèn apwovizyonman enèji ewolyèn bò lanmè a. Avèk yon politik entèlijan epi yon devouman dirab ki reflekte nan aksyon jodi a, eta ampi a nan pozisyon pou atake plizyè devlopman ekonomik senp ak doub - ak menm kousikwi - nan yon avni ki pwòch."

**Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe, te deklare,** "Tranzisyon pou yon avni enèji pwòp pa yon liy dwat - nenpòt pa dèyè kontrenn nou fè de pa an avan. Nan mande enfòmasyon rapid pou fè avanse yon senkyèm apèl d'of enèji ewolyèn bò lanmè epi pibliye RFP sou fabrikasyon ak lojistik ki pral ranfòse chèn apwovizyonman, Gouvènè Hochul ap montre klè eta rete motive ak rezo ekolojik vèt la epi reyalize pwomès ekonomik nouvo endistri sa."

**Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an, Adrienne Esposito, te deklare,** "New York deja ap eksperimente enpak chanjman klimatik la, epi nou pare pou eksperimente enpak negatif yo. Nesesite pou tranzisyon soti nan konbistib fosil yo se yon pwoblèm ijan. Tranzisyon nan enèji renouvlab epi amelyore enfrastruktir enèji nou dwe bay gen pi gwo priyorite se pou sa nou kontan Gouvènè Hochul ap kontinye avanse ak enèji ewolyèn bò lanmè epi fè gwo investisman nan chèn apwovizyonman pou agrandi endistri enèji ewolyèn nou ki ap emèje nan New York. Nou gentan kòmanse wè anviwònman, sante, ak ekonomi benefisye enèji ewolyèn bò lanmè epi kreyasyon travay lokal pou Nouyòk yo. Nou aplodi lidèchip kontinyèl New York."

Anons jodi a montre plis angajman enkonvèsyonèl New York pou devlopman enèji pwòp, dirab, ak kwasans ekonomik epi sipòte pwogresyon eta nan akonplisman objektif aksyon klimatik, ki enplike jwenn 70 pousan elektrisite eta nan sous renouvlab disi 2030. Sa enkli avanse yon kalandriye akselere pou acha yo pou enèji ewolyèn bò lanmè ki lakoz [prim](#) kondisyonèl resan pou Empire Wind 1 epi Sunrise Wind nan kad katriyèm apèl d'of ki pral kòmanse bay kouran an 2026.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan

program Kapital ak Envestisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030. ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)